

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, jeung pedaran dina bab IV panalungtikan téh bisa dicindekkeun baris didéskripsikeun ieu di handap.

Kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun média poster kagolong can mampuh. Katitén tina hasil *pre-test* anu ngawengku aspék eusi warta (unsur-unsur 5W+1H) hasilna (3,47); aspék basa tulis dina warta hasilna (3,58); jeung aspék pola midangkeun warta hasilna (3,02). Ari rata-rata aspék saméméh ngagunakeun média poster nya éta 67,25 tina *Kriteria Ketuntasan Minimal* (KKM) nyaéta 78. Bisa dicindekkeun siswa can mampuh dina pangajaran nulis téks warta.

Kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar taun ajar 2021/2022 sanggeus ngagunakeun média poster kagolong geus mampuh. Katitén tina hasil *post-test* anu ngawengku aspék eusi warta (unsur-unsur 5W+1H) hasilna (3,94); aspék basa tulis dina warta hasilna (4,50); jeung aspék pola midangkeun warta hasilna (4,41). Rata-ratana ngaronjat jadi 86,0 tina *Kriteria Ketuntasan Minimal* (KKM) nyaéta 78. Bisa dicindekkeun siswa geus mampuh dina pangajaran nulis téks warta.

Aspék-aspék nu ngaronjat dina pangajaran nulis téks warta ngagunakeun média poster nya éta dina aspék eusi warta (unsur-unsur 5W+1H) rata-rata peunteunna 3,47 ngaronjat jadi 3,94. Dina aspék basa tulis dina warta rata-rata peunteunna 3,58 ngaronjat jadi 4,50. Dina aspék pola midangkeun warta rata-rata peunteunna 3,02 ngaronjat jadi 4,41. Anapon aspék nu katitén paling gedé ronjatanana nyaéta aspék basa tulis dina warta.

Aya béda anu signifikan tina kamampuh nulis téks warta saméméh jeung sannggeus ngagunakeun média poster di kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar taun ajar 2021/2022, kalawan rata-rata peunteun *pre-test* jeung *post-test* nya éta hasilna *pre-test* 67,25 ngaronjat jadi 86,08 tina 36 siswa. Uji dina ieu panalungtikan

ngagunakeun *Statistic Parametic* kalawan uji *Paired Sample T-test*. Nilai signifikansi nyaéta 0,000 atawa $<0,05$. Hartina, H_1 ditarima H_0 ditolak ku kituna aya béda anu signifikan antara *pre-test* jeung *post-test*. Katitén yén média poster mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar taun ajar 2021/2022.

Ku kituna, H_1 ditarima H_0 ditolak. Hartina aya béda nu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test*. Bisa dicindekkeun yén pangaruh média poster pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta téh nya éta 18,75. Hartina média poster bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar taun ajar 2021/2022.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, dilarapkeuna média poster miboga implikasi yén média poster téh bisa ditarima ku siswa. Digunakeunana média poster jadi salasahiji cara pikeun nuwuhkeun motivasi jeung sikep kreatifitas ogé mikir kritis siswa dina mekarkeun ide jeung gagasan, parigel dina milih makéna basa. Salian ti éta dina prak-prakanna ngagunakeun média poster siswa jadi leuwih bisa mikir kritis dina mekarkeun ide atawa gagasan pikeun nulis hiji hal.

5.3 Rékoméndasi

Tina ieu panalungtikan nu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan nu salajeungna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar jeung ngajar, saperti ieu di handap.

1. Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda, Média poster bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta. Ku kituna, ieu média bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran basa Sunda di sakola, utamana dina matéri pangajaran nulis téks warta kelas XI di SMA/SMK/MA/MK. Ku sabab dina hasil ieu panalungtikan katitén yén hasil média poster téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta siswa.

2. Pikeun Guru, Média poster dina nulis téks warta, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun nalika ngagunakeun média pangajaran hususna dina média poster nyaéta kasiapan siswa nalika rék diajar, kasiapan matéri pangajaran, jeung bisa nyaluyukeun kaayaan dina prosés diajar ngajar.
3. Pikeun Panalungtikan, Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan média poster ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu aya deui panalungtikan séjén ngeunaan média poster nyaéta ngagunakeun métode ékspérimén murni atawa dikolaborasikeun maké média pangajaran. Ayakeun média-média pangajaran séjénna pikeun pangajaran di kelas, hususna dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta.